

# *Yon Gid Konsomatè pou Ajans Èd Familyal yo*

*de Department of Consumer Protection  
nan Connecticut*



Pèsonèl Ed Familyal yo kapab anboche atravè yon ajans èd familyal oswa nan yon rejis pèsonèl èd familyal

- Ajans yo plase pèsonèl **yo** nan kay yo.
- Rejis yo matche pèsonèl èd familyal yo, ki touche omwen pasyèlman nan men konsomatè an oswa ki se founisè endepandan, ak moun ki bezwen sèvis yo.

Si ou bezwen èd familyal pou tèt ou oswa yon manm fanmi w epi w ap reflechi pou w ta jwenn yon pèsonèl èd familyal, men kek bagay pou konsidere:

- Fè entèvyou ak plis ke yon ajans avan ou siyen yon kontra - li enpòtan ke ou kwè ke ajans lan pral founi sipèvizon sou anplwaye yo epi pral swiv regleman ak lwa Connecticut yo.
- Si w ap konsidere yon rejis pito ke yon ajans, ou menm oswa pwòch ou kapab responsab pou ranpli dokiman ak IRS epi kapab tou responsab pou peye taks pou anbochaj.
- Asire w ke w pran yon kontra oswa akò sèvis ki enkli tout sèvis ou bezwen yo.

## **Nan kisa yon pèsonèl familyal ka ede:**

- Lesiv, metwayaj, fè manje, al achte pwovizyon, ijjèn pèsonèl, akonpayman nan randevou ak lòt sèvis non medikal.

## **Kisa yo pa kapab fè:**

- Pèsonèl **PA** dwe founi **OKENN** sèvis medikal tankou pran tansyon, bay medikaman, oswa ofri terapi fizik.

## **Yon HCA dwe:**

- Genyen epi konsève yon anrejistreman Homemaker Companion Agency (HCA, Ajans Ed Familyal) nan CT Department of Consumer Protection (Depatman Pwoteksyon Konsomatè).
- Ba ou yon kontra ekri oswa plan sèvis nan espas 7 jou founisman sèvis.
- Pa dwe bay yon moun pi kalifye pou yon pri ki pi wo.
- Mennen verifikasyon antesedan sou yon fiti anplwaye.
- Reyalize entèvyou an pèsòn oswa nan vidyeo ak tout fiti anplwaye yo.
- Dwe founi dosye biznis lan bay DCP pou enpeksyon si yo mande.
- Fè fòmasyon pou pèsonèl yo antan ke rapotè mandate - yo dwe rapòtè nepòt pwoblèm sekirite oswa sante imedyatman.
- Genyen yon kosyon oswa politik asirans \$10,000.
- Kenbe nòt ak chak kliyan yo ki enkli obsèvasyon, pwoblèm, plent, plan aksyon, kontra telefòn, rapò vizit nan kay pa sipèvizè yo, ak rezulta tout envestigasyon yo.

## **Yon rejis dwe:**

- Founi avi alekri ki espesifye obligasyon legal rejis sa.
- Avize w ke ou kapab responsab pou peye taks anbochaj, konpansasyon travayè ak overtime pou pèsonèl lan oswa akonpayatè an.
- Avize w pou wè ak yon pwofesyonèl taks si ou pa pa vreman konnen responsabilite w pou peman taks.

## **Kontra alekri ak plan sèvis yo dwe founi:**

- Yon lis sèvis ki dwe founi yo, ansanm ak tèm epi pri yo.
- Yon definisyon relasyon anplwaye, founisè, ak kliyan.
- Garanti pou asire sekirite enfòmasyon pèsonèl kliyan.
- Yon lis kategori travay tankou "rezidan" oswa "apèl jounalye" ak deskripsyon travay yo.
- Avi ke ou kapab anile yon kontra oswa plan sèvis nenpòt lè si li pa presize yon dire espesifik.
- Politik HCA pou akseptasyon poubwa ak kado.
- Yon eksplikasyon sou kijan pou depoze yon plent nan ajans lan.
- Yon eksplikasyon ke ou gen dwa pou mande chanjman, oswa rekonsidere kontra owa plan sèvis lan.
- Yon eksplikasyon ke sèvis yo kapab pa kouvri ak asirans.
- Notifikasyon alekri ke yon verifikasiyon antedesdan te reyalize.

**Asire w kew poze ksyon e asire w ke w konprann tout sa w ap siyen.**

## **Resous**

- Ou kapab depoze yon plent bay DCP pa imèl nan [dcp.complaints@ct.gov](mailto:dcp.complaints@ct.gov).
- Verifye anrejistreman yon Ajans oswa Rejis nan <https://www.license.ct.gov/>.
- Si ou sispèk oswa kwè ke yon granmoun viktim abi, neglijans (ki enkli neglijans pèsonèl), eksplwatasyon oswa abandon rele 911.
- Si pa genyen danje imedya rele yon kontak pou ijans nan Protective Service Intake Lines (Liy Admisyon Sèvis Pwoteksyon):
  - **Pandan lè travay (Gratis)**
    - Nan eta: 1-888-385-4225
    - Andeyò Eta 1-800-203-1234
  - **Apre Lè Ijans yo (Gratis)**
    - Nan eta: 2-1-1
    - Andeyò Eta 1-800-203-1234

## **Kontakte Department of Consumer Protection**

**Liy Prensipal**  
**(860) 713-6100**

**Sant Plent pou Konsomatè**  
**(860) 713-6300**  
**Liy Gratis**  
**(800) 842-2649**  
**dcp.complaints@ct.gov**

**450 Columbus Blvd., Suite 901**  
**Hartford, Connecticut 06103-1840**